

# Konsènan Mask

*Viris respiratwa nan kominote nou an t ap diminye depi plizyè semèn. Kounye a nou te retounen nan yon nivo lejè/modere nan aktivite viris respiratwa. Nan nivo sa a, anplwaye Mass General Brigham yo pa oblige mete yon mask ankò pandan entèrakson dirèk ak pasyan yo nan lokal klinik yo.*

## Kesyon Yo Poze Souvan

**Ki jan Mass General Brigham ap pwoteje pasyan li yo, anplwaye yo ak vizitè yo pandan sezon viris respiratwa?**

Nou t ap kontwole aktivite viris respiratwa (tankou grip, COVID-19, RSV, ak lòt yo) depi kòmansman sezon otòn lan. Ou pral wè kèk chanjman nan Mass General Brigham selon nivo viris respiratwa a nan kominote a:

- Nivo **lejè/modere** nan aktivite viris respiratwa nan kominote a
- Nivo **wo** nan aktivite viris respiratwa nan kominote a

Gade pi ba a pou yon eksplikasyon plis detaye sou ki done yo itilize pou detèmine nivo aktivite viris lejè/modere ak wo.

**Apati 26 mas 2024, nou te soti nan yon nivo wo nan aktivite respiratwa viris la nan yon nivo lejè/modere.**

Nan nivo **lejè/modere**, anplwaye Mass General Brigham yo pa oblige mete yon mask etablisman yo bay pandan entèrakson dirèk nan lokal klinik ak pasyan yo. Nou pa rekòmande tou pou pasyan yo ak vizitè yo fè menm bagay la nan sitiyasyon sa yo.

**Kòm yon rapèl, kèlkeswa epòk nan ane, tanpri kontakte ekip swen ou a si ou gen nenpòt nan bagay sa yo ki anba a anvan yon randevou an pèsòn:**

- Gen lafyèv oswa lòt [sentòm](#).
- Ou konnen ou gen yon enfeksyon COVID-19 depi 10 dènye jou yo.
- Ou konnen ou ekspoze a COVID-19 nan 10 dènye jou yo.

**Kounye a ke nou rive nan fen faz gwo aktivite viris la, èske founisè swen sante yo ap sispann maske pandan entèrakson dirèk avè m nan lokal swen klinik yo?**

Règleman mask nou yo baze sou pouvantaj maladi respiratwa nan kominote nou yo. Kounye a ke pouvantaj aktivite viris respiratwa yo montre yo retounen nan lejè/modere, anplwaye nou yo p ap oblige maske kòm yon pati nan règleman sa a. Yo ka mande maske pou lòt rezon ki pa gen rapò ak aktivite viris respiratwa.

## **Èske pasyan yo bezwen maske?**

Ou ta dwe maske si ou:

- Gen lafyèv oswa lòt [sentòm](#) kouwè grip
- Ou konnen ou gen yon enfeksyon COVID-19 depi 10 dènye jou yo.
- Ou konnen ou ekspoze a COVID-19 nan 10 dènye jou ki pase

## **Poukisa Mass General Brigham ap fè chanjman sa yo?**

Nan fen Ijans Sante Piblik (PHE) nan mwa me 2023, otorite eta yote raple tout òganizasyon swen sante yo pou yo devlope plan pa yo. Kòm yon pati nan plan pa nou an, pasyan yo pral wè chanjman lè aktivite viris yo chanje.

## **Èske tout etablisman ak sistèm swen sante nan Massachusetts ak New Hampshire ap fè menm bagay sa yo?**

Pa gen okenn manda nan tout eta a ki detèmine kisa chak sistèm sante dwe fè. Chak lopital/sistèm ap deside kijan yo ta renmen kontwole sezon an.

Tout lopital ak etablisman swen sante nan sistèm Mass General Brigham lan pral adopte menm chanjman yo. Ou ka jwenn yon lis konplè [manm Mass General Brigham](#) sou sitwèb nou an.

Lòt lopital ak etablisman swen sante ki pa fè pati sistèm Mass General Brigham yo ka pran yon apwòch diferan pou maskin ak lòt entèvansyon.

## **Èske mwen ka chwazi mete pwòp mask mwen nan yon randevou? Poukisa mwen oblige mete yon mask Mass General Brigham sou li tou?**

Ou ka mete pwòp respiratè N95 oswa mask ou a. Si w chwazi fè sa, ou dwe mete yon mask etablisman an bay sou li. Nou mande tout pasyan ki mete mask pou yo fè sa paske gen kèk pasyan ki oblige mete mask. Lè w mete yon nan mask nou yo sou mask ki soti lakay ou, sa ede nou konnen ke mask w ap mete a pwòp epi efikas. Mèsi pou konpreyansyon ou.

## **E si mwen ta renmen fè moun k ap ban m swen an mete yon mask? Èske mwen ka mande doktè mwen pou mete mask?**

Nou pran angajman pou asire pasyan yo ka jwenn aksè a swen medikal nan yon fason ki an sekirite epi ki apwopriye. Nou toujou pran prekosyon apwopriye pou pwoteje tout pasyan yo. Règleman nou yo baze sou konsèy sante piblik ak ekspè kontwòl enfeksyon nou yo. Gen sikontans lè mete mask se yon entèvansyon medikal ki apwopriye. Nan sikontans sa yo, moun k ap bay swen yo ak/oswa pasyan yo ap kontinye mete mask, dapre règleman nou yo. Pasyan yo ka mande, men travayè lasante yo ap detèmine ki lè epi si mete mask nesesè klinikman nan yon sitiayson patikilye.

*N ap toujou konsidere nenpòt demann pou akomodasyon jan sa mande pa Lwa Ameriken Andikape yo (ADA). Nenpòt demann konsa sa a ta dwe fè bay founisè w la.*

**Ki jan Mass General Brigham ap siveye sezon virus respiratwa a pou deside lè nou nan nivo lejè/modere oswa wo nan aktivite virus respiratwa?**

Mass General Brigham konte sou yon mezi ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) [Etazini. Rezo Siveyans Maladi Ki Sanble Ak Grip Pou Klinik Ekstèn](#)(ILINet).

ILINet gen done ki sòti nan tout 50 eta yo, Pòtoriko, Distri Columbia ak Zile Vyèj Etazini. Yo te rapòte lis pase 110 milyon vizit pasyan pandan sezon 2022-23 la.

ILINet kontwole pou wè ki jan sentòm maladi virus yo komen. Sa yo se sentòm lafyèv ak tous oswa gòj fè mal. CDC bay done sa yo klase pa reyon jewografik. Peyi a divize an 10 reyon. Tout lokal Mass General Brigham yo nan [Reyon 1](#).

**Èske chanjman yo aplike nan tout enstalasyon Mass General Brigham?**

Wi. Chanjman yo aplike nan tout enstalasyon Mass General Brigham?

**Poukisa nou pa fè Maske Inivèsèl jan nou te fè pandan pandemi an?**

Pandan pandemi COVID-19 la, nou te itilize maske inivèsèl (tout moun t ap mete mask nan tout enstalasyon nou yo) paske nou pa t gen anpil lòt mezi prevansyon oswa opsyon tretman ki disponib. Sa yo enkli yon pa te gen ase vaksen, tretman COVID-19, ak lòt mezi. Pandan n ap antre nan sezon virus respiratwa regilye yo, apre pandemi, n ap vize itilizasyon yon varyete mezi prevansyon. Sa yo enkli maskin vize.

Mizajou: 26 mas 2024